

# TWOUS ZOUTI RESOUS VÒT NYC

## KISA KI A RISK POU FANM YO NAN ELEKSYON SA A

Ane sa a, Nouyòkè yo pral eli yon nouvo majistra, kontwolè, prezidan awondisman, ak manm konsèy yo nan vil la\*.

Pwoblèm enpòtan yo pral sou bilten vòt la tankou:

- Swen pou Timoun
- Finansman Edikasyon
- Lojman
- Travay
- Dwa LGBTQ yo
- Polis
- Jistis Repwodiktiv
- Vyolans Seksyèl

## DAT LIMIT KAP VINI YO

### Eleksyon Primè yo – 22 Jen 2021:

- 28 Me:** Delè limit pou anrejistreman
- 15 Jen:** Delè limit pou mande Bilten Vòt Absan
- 12-20 Jen:** Vòt Bonè
- 22 Jen:** Jou Eleksyon Primè

### Eleksyon Jeneral – 2 Novanm 2021:

- 8 Oktòb:** Delè limit pou anrejistreman
- 26 Oktòb:** Delè limit pou mande Bilten Vòt Absan
- 2 Novanm:** Jou Eleksyon Jeneral
- 23-31 Oktòb:** Vòt Bonè

\* Kous pou Avoka Distri Manhattan la p ap itilize Vòt Chwa Klasman.

## RESOUS VÓT CHWA KLASMAN (RCV):

- **RCV Palm Card:** DemocracyNYC, Komisyon Angajman Sivik NYC [Civic Engagement Commission (CEC)]
- **Resous ki soti nan Komisyon Finans Kanpay NYC [Campaign Finance Board (CFB)]**
  - ▶ [RCV FAQ](#) (nan 15 lang), CFB
  - ▶ [Additional CFB Resources Folder](#) gen ladan:
    - [Social Media](#)
    - [Sample Ballots](#)
    - [RCV Postcard + Flyer/one-pager](#) (feyè an Angle, Panyòl, Koreyen ak Chinwa)
    - [RCV in NYC Training Materials](#) (NYCCFB)
    - [CFB Plans 2020](#)
- **[NYC Civic Engagement Commission RCV Information](#)**
- **Rank the Vote: Videyo, KESYON YO POZE SOUVAN, dènye nouvèl, ak resous edikasyon sa ki gen ladan:**
  - ▶ **[VOTER RESOURCES](#)**
    - Prezantasyon Fòmasyon Votè Kout (disponib an Panyòl, Chinwa Senplifye, Nepali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Angle ak Bangla)
    - Eksplikasyon RCV nan tout Vil la (disponib nan Vietnamese, Traditional Chinese, Spanish, Simplified Chinese, Russian, Nepali, Korean, Khmer, Haitian Creole, French, English, Bangla, Arabic)
    - Fòmasyon Pwolonje Votè - Angle
  - ▶ **[CANDIDATE RESOURCES](#)**
    - Examples of RCV Messaging by Candidates (Yon koleksyon materyèl ki te kreye ak distribye pa kanpay yo.)
    - Egzèsis Fòmasyon Kandida (District X Candidates; Message Development; Power Mapping; RCV Convo 101; Vote Goal Calculation)
    - Kandida RCVNYC & Prezantasyon Fòmasyon Kanpay
  - ▶ **[ORGANIZATIONAL RESOURCES](#)**
    - Examples of RCV Messaging by Endorsing Organizations
    - Fòmasyon Patnè Kominotè
- **[Q&A on Ranked Choice Voting](#)** (VIL LA)
- **Prezantasyon RCV Bibliyotèk Piblik Queens: [Anrejistreman Videyo](#) ak Dyapozitiv Prezantasyon** (Lig Votè Fanm)

## RESOUS VÒT ADISYONÈL

- **Voter Resource Document**  
(DemocracyNYC) (Tanpri remake ke nou nan pwosesis pou tradwi kolateral sa a e nou pral pataje depi nouvo vèsyon an pare.)
- **Make a Plan to Vote**  
(Fanm yo Kreye Chanjman)
- **Voter Guide** (Campaign Finance Board)
- **Vote411 Election Information You Need**  
Fon Edikasyon Lig Fanm Elektè yo: Tcheke Enskripsyon Vòt ou, Enskri pou Vote, ak Jwenn Kisa ki sou Bilten ou
- **Pledge to Vote**  
(United Neighborhood Houses)
- **Poll Site Language Assistance List**

(Komisyon Angajman Sivik NYC)

- **ElectNYC.org** Inyon Sitwayen: yon kanpay edikasyon piblik san patipri pou eleksyon NYC kap vini an ki deziyen kòm yon gichè inik pou Nouyòkè yo chèche konnen kimoun ki pral patisipe. Enfòmasyon sou kandida kap poze kandidati, wòl diferan biwo eli ak kijan votè yo ka klase kandida yo.
- **Absentee/Vote by Mail Information**  
(Konsèy Eleksyon nan Eta New York)
- **Understanding the Ballot**  
(Konsèy Eleksyon NYC)
- **Accessibility**, [on.nyc.gov/VoteAccess](https://on.nyc.gov/VoteAccess),  
(Konsèy Eleksyon NYC)

## PRAN AKSYON AK FÈ VOLONTÈ:

- **Nouyòkè ki anrejistre nan dat 11 Me:**  
Ede Nouyòkè yo anrejistre pou vote lè ou itilize zouti sansibilizasyon dijital DemocracyNYC. Tout sa ou bezwen se yon telefòn, tablet, oswa òdinatè pou patisipe. Itilize lyen ki annaprè a pou enskri epi ede Nouyòkè yo enskri pou vote [on.nyc.gov/RegisterToVoteDOA](https://on.nyc.gov/RegisterToVoteDOA).
- **Soti al patisipe nan Efò Kanpay Telefonik:**  
Si ou enterese nan patisipe nan kanpay Get Out the Vote phone-banks pou eleksyon primè kap vini yo, tanpri itilize lyen ki annaprè a pou enskri ak ankouraje pami rezo ou yo [on.nyc.gov/CallOutTheVote](https://on.nyc.gov/CallOutTheVote).
- **Afiche sou Medya Sosyal epi Edike rezo ou yo sou RCV lè ou itilize:**  
— [Ranked Choice Voting Social Media Toolkit](https://on.nyc.gov/RCVToolkit) [on.nyc.gov/RCVToolkit](https://on.nyc.gov/RCVToolkit)

— [RCV social media resources](#)

- **Antre nan Komite Konsiltatif Asistans Lang:**  
Komisyon Angajman Sivik la ap chèche nouvo manm ki enterese nan entèseksyon aksè langaj ak angajman sivik pou ede fòmè pwogramasyon CEC. Pou aprann plis sou opòtinite volontarya CEC, vizite [nyc.gov/civicengagement](https://nyc.gov/civicengagement).

### **Pataje atelye travay edikasyon votè vityèl sa yo:**

- Atelye travay Latinx nan [English](#) ak [Spanish](#)
- [Black History Month workshop](#)
- [Urdu workshop](#)
- [Bangla workshop](#)

## TWOUS ZOUTI:

- **Ranked Choice Voting - Social Media Toolkit**

(Inite Angajman Piblik Majistra NYC ak DemocracyNYC – [on.nyc.gov/RCVToolkit](https://on.nyc.gov/RCVToolkit))

- **Ranked Choice Voting Toolkit** (Vòt NYC)

- **ENFÒMASYON ANGAJMAN VOTÈ POU ÓGANIZASYON NON PWOFI YO**

- ▶ **VOTER ENGAGEMENT TOOLKIT**

Vòt Kominotè, Nonprofit NY, ak Vòt Nonprofit pibliye twous 2021 konplè ak spesifik pou òganizasyon non pwofi yo sa ki gen ladan kalandriye vòt debaz ak taktik non patizan, konsèy pou GOTV, modèl pou imèl ak pwomès pou vote, ak grafik medya sosyal.

- ▶ **GOTV TOOLKIT** (United Neighborhood Houses) Resous yo gen ladan:

- Rete Non patizan: Lis kontwòl aktivite elektoral otorize pou 501(c)3 Ógani zasyon Non Pwofi yo
- Gid Pòch Enfòmasyon sou Elektè nan Eta New York
- Pledges to Vote
- Make a pledge to vote in the 2021 NYC Primary Elections!
- NYC 2021 Elections Timeline-GOTV
- Gid: Planifikasyon ak Egzekisyon yon Kanpay Enskripsyon Elektè
- Kesyon yo Poze Souvan: Vòt pa Chwa avèk Klasman
- New York Nonprofit 2021 Elections Training

## BILTEN VÒT ENTÈ-AKTIV RCV:

- Pou edike Nouyòkè yo sou nouvo pwosesis vòt la, DemocracyNYC te fè kontra avèk yon zouti ki baze sou entènèt nan 16 lang diferan pou ede Nouyòkè yo aprann kijan pou ranpli nouvo bilten vòt nan lang yo pale a. Zouti a kidonk demontre kijan yo kalkile rezilta yo grasa nouvo sistèm lan. [Create a ballot](#) nan yon lang ou chwazi.

- Eseye yon modèl bilten vòt ak [Vote Here](#) sou Pak ou prefere ki Nonmen pou Fanm ki pi Popilè yo.

## ANONS SÈVIS PIBLIK (PSA yo):

- **BRIC PSA:**  
What is Ranked Choice Voting?
- **Campaign Finance Board PSA Kòm:**
  - ▶ [English](#)
  - ▶ [Bengali](#)
  - ▶ [Chinese](#)
  - ▶ [Korean](#)
  - ▶ [Spanish](#)
- **Rank the Vote:**  
How Does Ranked Choice Voting Work?
- **Board of Education RCV PSA yo:**
  - ▶ [English](#)
  - ▶ [Bengali](#)
  - ▶ [Chinese](#)
  - ▶ [Korean](#)
  - ▶ [Spanish](#)

## ENFÒMASYON KANDIDA 2021

- **2021 Campaign Database:**  
Idantifye kandida yo kap poze kandidati nan chak katye, awondisman, ak nan tout vil la epi gen enfòmasyon sou sit entènèt, medya sosyal ak detay sou kontak kanpay, ak enfòmasyon finansye. – Gade plis enfòmasyon osijè Inisyativ Eleksyon Vil la isit [here](#). Kreye pa Center for Community Media at the Newmark Graduate School of Journalism at CUNY.
- **Meet Your Mayor:**  
Yon zouti prive, enteresan, enfòmatif, kote yo ka reponn kèk kesyon a chwa miltip epi gade kijan kandida pou lameri a te reponn menm kesyon yo. (THE CITY)
- **What Can My Elected Officials Do? (CFB)**
- **Aprann osijè lòt kandida yo “Kisa ou bezwen konnen” sou chak. (THE CITY)**
  - ▶ [Mayor](#)
  - ▶ [District Attorney](#)
  - ▶ [Public Advocate](#)
  - ▶ [Borough President](#)
  - ▶ [City Council](#)
  - ▶ [Council Part II](#)
  - ▶ [Comptroller](#)
  - ▶ Enskri [here](#) pou rete ajou sou kouvèti eleksyon yo.

## KONNEN DWA OU YO

- **Know Your Rights**  
New York Civil Liberties Union
- **Know Your Rights**  
Komisyon Angajman Sivik NYC

Si yo refize w nan biwo vòt yo, rele liy dirèk sipresyon votè a nan  
@ 866-OUR-VOTE  
(866-687-8683)

Election Protection

## Glosè: Kisa kap pase nan Eleksyon Vil New York la

**Absentee Ballot:** Jeneralman yo soumèt li pa lapòs, yo itilize yon bilten vòt pa korespondans pou yon elektè ki absan ki pa kapab prezan fizikman nan jou Eleksyon an depoze yon vòt.

**Borough Presidents:** Yon defansè pou awondisman yo. Prezidan Awondisman ka anmezi pou finanse inisyativ lokal yo, gwoup ak pwojè tankou achte teknoloji pou lekòl piblik yo, renove pak lokal oswa dirije sansibilizasyon kominotè sou kesyon sante. Prezidan Awondisman yo travay avèk Konsèy Vil New York e li anmezi pou entwodui pwojè-lwa yo, byenke yo pa kapab vote sou yo. Manm nan Konsèy Vil New York, Prezidan Awondisman yo nonmen tout manm yo nan Community Boards.

**Comptroller:** Ki konnen egalman tankou Direktè Prensipal Finans nan Vil la, Kontwolè a sipèvize sante fiskal vil la lè li fè pèfòmans ak verifikasyon finansye ajans yo nan vil la, pwoteje pansyon yo, ak aplike lwa sou salè desan ak anvigè, ak sipèvize bidjè a, ak ankouraje règleman ki amelyore efikasite gouvènman an, entegrite, ak pèfòmans.

**District Attorney (DA):** Avoka Distri prensipal pou yon vilaj, vil, konte oswa eta. Avoka Distri a gen anpil latitud sou kisa ak kijan pou pouswiv, tankou libète pwovizwa sou kosyon oswa pran desizyon sou pledwaye negosyasyon. Nan Vil New York, piblik la eli avoka distri yo.

**General Election:** Yon eleksyon ki te òganize nan entèval regilye kote elektè yo chwazi kandida yo nan tout oswa pifò sikonskripsyon yon peyi oswa eta.

**Mayor:** Ki konnen tou tankou Chèf Egzekitif Vil la, Majistra a gen pouvwa pou rete ak nonmen Komisyonè yo, mete randevou jidisyè, ak etabli règleman vil la ak priyorite bidjè. Majistra a ka sèvi jiska de manda katran epi jere relasyon avèk palmantè eta ak federal yo; pwopoze, adopte, ak veto lwa yo; ak jere dezisyon enpòtan sou kesyon gwo zonaj, desizyon ki gen rapò sou itilizasyon lojman ak teren.

**New York City Council:** Manm yo nan Konsèy Vil New York reprezante youn nan 51 distri yo nan Vil New York. Yo responsab pou pwopoze ak vote sou lejislasyon ak lwa nan domèn tankou lwa sou lojman ak sekirite lari. Manm yo nan Konsèy Minisipal Vil New York travay avèk Majistra pou elabore bidjè vil la chak ane. Pi enpòtan ankò, si detyè nan Konsèy Minisipal Vil la aksepte, yo kapab anile yon veto Majistra. Konsèy Minisipal Vil la se yon kontwòl-balans enpòtan nan biwo Majistra a.

**Primary:** Yon eleksyon pou redwi kantite kandida anvan yon Eleksyon Jeneral. Primè yo kapab patizan (sa vle di elektè yo ka sèlman vote pou manm pwòp pati politik yo vle ki reprezante yo nan Eleksyon Jeneral) oswa non-patizan (elektè yo ka vote pou manm nenpòt nan pati yo pou diminye kantite kandida anjeneral alavans de Eleksyon Jeneral yo).

**Public Advocate:** Yon manm ki pa gen dwa pou vote nan Konsèy Minisipal Vil New York ki kapab entwodui ak ko-pwomote lejislasyon an, Defansè Piblik la se premye anliy pou vini Majistra si yo pa kapab reponn a responsablite yo. Defansè Piblik la sipèvize ajans yo nan vil la; ankete ak fè pwopozisyon pou adrese plent sitwayen yo sou sèvis yo nan vil la; ak nonmen manm konsèy administrasyon ak komisyon yo.